ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№191 (22.099) ● 2011 гъэм жэпуэгъуэм (октябрьм) и 12, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *тIухащ.*

Сом меларди 2-м щIигъу

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа видео-конференцым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хэтащ. Медведевым къызэрыхигъэщауэ, социальнэ щытыкIэр хуабжьу щыгъэщIэплъэ ЖКХ-м и IэнатIэкIэм зэрызэужьыным теухуа Iуэхугъуэхэр щызэпкъраха зэIущIэм властым и федеральнэ къудамэхэмра щIыналъэхэмра я унафэщIхэр ирихьэлIащ.

ПРЕЗИДЕНТЫМ ящIа пщэрылъым тету, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхущ1апIэхэм хуэхах мылькур организацэхэмрэ предприятэхэмрэ къызэрагъэсэбэп щIыкIэр зэрIуу къапщытащ, абы кърикIуам ипкъ иткIэ, къуаншэхэр жэуап ткIийм ирашэлIащ.

ЖКХ-м и IэнатIэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм хэхуэу дыкIэлъоплъ, - къыхигъэщхьэхуэкIащ къэралым и Президентым икIи УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм къалэн щиIащ абы теухуа прокурор мониторингыр зэпымыуэ ирагъэкIуэкIыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпхагъэкI 2011 - 2015 гъэхэм ЖКХ-р реформэ зэращIынымрэ зэрырагъэфIэкIуэнымрэ тещIыхьа республикэ программэр. Муниципалитетхэми апхуэдэ программэхэр мылъку зэхэлъкIэ щагъэзащIэ. Псори зэхэту илъэси 5 дызыхуэкIуэм сом меларди 2-м щIигъу а IэнатIэм хуэхахынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м и Парламентым

Республикэм и энергетикэм зрагъэужь

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и Правительствэм хэтхэр, энергетикэм и IэнатIэм и лыкIуэхэр иджыблагъэ щыIащ мы зэманым къагъэшIэрэщIэж Бахьсэн ГЭС-м нкIи абы щекIуэкIа ухуэныгъэхэм епльащ. Абы нужьыкIэ мыбы щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныныгъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и зэIущ.

«РусГидро» акционер зэгуэхьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэм и унафэщI Отаров Къурмэн къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ ГЭС-р къагъэщIэрэщIэжьын папщIэ къагъэсэбэп технологиехэм. Бахьсэн ГЭС-м и гидротехникэ ухуэныгъэ псори иригъэфIэкIуэнущ. ХуэмакIуэхэр елэжьынущ псыр зрикIуэ туннелэмрэ кхъуафэхэмрэ. ГЭС-м и унэр, псы екIэхыпIэр зыхуэл хуэгъэзэным. Гидроагрегатхэр мегаватти 2-кIэ нэхъ льэщ ящынурэ, мы IэнатIэм къыщалъкIа электрокъарур мегаватт 27-м нагъэснущ. Нэгъэущу жыпIэмэ, мыбы гъэ къэс электрокъаруу киловатт-сыхьэт мелуани 140-рэ кьытынущ. А лэжьыгъэ псори иратIэкIуэкIынущ «РусГидро» компанием и ахъшэкIэ. Агрегатищым ящыщу зыр 2011 гъэм и кIуэхым яутIыпщыну я мурадщ.

Бахьсэн ГЭС-м къыдэкIуэу «РусГидро» ОАО-м и инвестицIэ программэр тещIыхьащ Балъкъэр Ипщэ, Зэрэгъыжь ГЭС-хэр, Курп ГЭС гупыр ухуэным. Мы программэр хуэунэтIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгыльэ щIыпIэхэм щыIэ жьалгъуэхэр электрокъарукIэ нэхъ зэпIэзэрыту къызэгъэпэщынымрэ, электроэнергетикэм, абы и инфраструктурэм, электрокъару къэзыплэжь IэнатIэхэм зрагъэужьыным папщIэ инвестицIэхэр къызэщIэгъэуIэныжьмкIэ Iэмал тэмэмхэр зэтегъэувэным. Уэлджыр Жыраслъэн зэрыжиIамкIэ, иджыпсту ди деж щызэхалъхьэ 2012 - 2016 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху электроэнергетикэм зегъэужьыныжьмкIэ схемэмрэ программэмрэ. Абы папщIэ къызэрагъэпэщащ федеральнэ, республикэ ведомствэхэм, энергетикэм и предприятэхэм я лыкIуэхэр зыхэт лэжьакIуэ гуп. Схемэр зэхалъхьэ щIыналъэм зэрызиужьыну социально-экономикэ программэм тещIыхьауэ, къэкIуэну зэманым республикэм кынгъэсэбэп электрокъарум хэхъуэ зэныту зэрекIуэкIынур къэлыгтауэ.

ЗэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныныгъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI Гриневич Валерий къыхигъэщхьэхуакIащ «РусГидро» - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмкlэ и къэрал комитетыр электроэнергетикэм зегъэужьыным арэзы ykынщIу зэрелэжьыр.

ЗэIущIэм къыщIэтэ Iуэхуэхэм апкъ иткIэ, депутатхэм КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ, 2012 - 2016 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэм зэрызиужьыну схемэмрэ программэмрэ зэрыхэпIэжьынымкIи къыхэкIыу, ар гъэзащIа хъун папщIэ зыхуеину ахъшэр гъэ къэс къызэригъэпэщыну, апхуэдэу республикэм и щIыналъэм электроэнергетикэм зыщегъэужьынымкIэ лэжьыгъэм пищэну.

БОРОВИЙСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Пшыхьхэр

Лъэпкъ библиотекэм и илъэс 90

Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьа Лъэпкъ библиотекэр илъэс 90 зэрырикъуж Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапIэм иджыблагъэ Iэтауэ щагъэлъэпIащ. ЗэIущIэм къарикъэлIат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Гертер Иван, Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ишхъэрэ - Алание, Шэшэн республикэхэм кыкIа хьэщIэхэр.

БИБЛИОТЕКЭМ и унафэщI Емуэ Анатолэ хьэщIэхэм зэIущIэм зыкъэрезыгъэжьэлIа хэдгъэрейхэми гуапэу екъуэхъури, зи Iэтащхьэ Iуэхущ1апIэм и тхьидэм, и зыужьыныгъэм, и нобэрей щыIэкIэ-псэукIэм тепсэлъыхьащ.

Абы къыхигъэщащ 1921 гъэм щыишлэм и 14-м Жабо Марие и унафэщIу Налшык къыщызэIуаха кьалэ библиотекэ нэхъыщхьэм и деж Лъэпкъ библиотекэм и тхьидэм кьыдэзэрыщыщIидзэр. Абы щыгъуэ библиотекэм щылажьэр цыхуитIл кьудейт. Абы хэмI, иужькIэ абы уваxэми а Iуэхущ1апIэр я етIуанэ унэ хъуащ. Ар куэдкIэ и фыщIэу къэпльытэ хьунущ библиотекэм и унафэщIу щытахэм ящыщ зы Ларинэ Аннэ, сыту жыпIэмэ щыхуэр зэщIэгъэуIуэныр, зэдзэууэ гъэлэжьэныр абы фIы дыдэу кьехъулIэрт.

1934 гъэм библиотекэр къатитIу зэтет унэм Iэпхъуащ. Абы Iэмал кьаритащ щIэджыкIакIуэхэм зэрадэлажьэ щыкIэр, зэрыгъуаз-библиографие Iуэхутхьэзэхэр зэрыхуащIэр ирагъэфIэкIуэныжьмкIэ, тхыльхэр кьыщIамыхыу щеджэ пэщым и лэжьыгъэр зэтеубгэныжьмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи. Библиотекэм и гъэтIылъыгъэхэр зэхуэхьэсынымкIэ абы дэIэпыкъуэгъуэ хуэкъуэхуэат Крупская Надеждэ. Ар кьалъытэри, Iуэхущ1апIэм абы и цIэр фIащыгъащ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

● ТхылъыщIэ

Я купщIэри я дахагъэри хъума хъуауэ

Адыгэ диалектхэр я псалъалъэ кьудеймкIэ щызэдэгуащэм и деж, бзэр зыIурылъхэм я анэдэлъхубзэри нэхъ щэрыуэ мэхъу. Адыгей тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я тхыгъэхэм къэбэрдеибзэкIэ укьеджэныр щIэщыгъуэми, ди жагъуэ зэрыхьунщи, апхуэдэ лэжьыгъэхэр машIэ дыщэ. А тхылъ закъуэтIакъуэхэм ящыщу КIэрашэ Тембот и «Щу закъуэ» романымрэ Хьэдэгъэл(Аскэр и усэхэмрэ зэрыт тхылъхэр.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъущи, къэбэрдей диалектым кьрахыу кIахэбзэм тхылъ кьрагъэтIэсауэ япэу щызэхэтхыр нобэщ. Ди гуапэу утыку кьыдолъхьэ 2011 гъэм Мейкъуапэ къыщыдэкIа, Бештокъуэ Хьэбас и «Жыг закъуэ» усэ сборникыр. Хьэбас и усэхэр адыгейбзэм иригъэзэгъащ Кьул Лидэ. ФIыщIэ яхуэфащэщ Адыгэ къэрал университетым и профессор ХьэщIэмыз Мирэ, доцентхэу Хьэмырзокъуэ Нуриетрэ Щхьэлахьэу Сусаннэрэ. Пэублэ псалъэ гумащIэ тхылъым хуитхащ адыгэ кафедрэм и доцент Хьуажь Нуриет. «Къэбэрдей усэхэу Кьул Лидэ адыгеибзэм кьригъэзэгъам я купщIэри я дахагъэри хьума хъуащ, - дыкьыщоджэ Нуриет и тхыгъэм. - УсакIуитIыр дунейм зэреплъ щыкIэмрэ ар кьаэзрыгурыуэмрэ зэрыхьэпэгъунэгъур наIуэ кьэхъуащ - аращ зэдзэкIакIуэр тезыгъэгушхуэр усэ тхылъ псо ди пащхьэ кьрильхьэну».

НапэкIуэцIищэм щIигъу тхылъым ихуащ Бештокъуэ Хьэбас и усэ цIэрыIуэхэу «Адыгэм и гъыбзэ», «Мамэ», «Роэзм и чэзу», нэгъуэщIхэри.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.

Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж жэщым махуэми щолажьэ коррупцэм теухуауэ хьыбар зэревгъащIэ хьуну телефонхэр.

ВЛАСТЫМ и лIыкIуэхэм яIыгъ къулыкъухэр я щхьэ IуэхукIэ къызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэм екъэлIа, уголовнэ законодательствэр къызэрызэпаудым фыщыгъуаззэмэ, а телефонхэмкIэ Администрацэм и лэжьакIуэхэм захуэвгъазэ хъунущ. ХэIущIыпIу фщIыну фызытешыныхь Iуэху гъэрхэм фытепсэлъыхьынымэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкъыфIащащ зыкъыхуну телефоныр къэвгъэлъагъуэмэ зэфIэкIынущ. Цыхухэм кьабгъэдэкI дэтхэнэ хьыбарри урысей законодательствэм кьызэригъэувым тету зэхагъэкIынущ хабзэхъумэ, къэпщытакIуэ органхэм. Хьыбарыр къызыбгъэдэкIар хэIущIыIу ящIынукъым.

Телефонхэр: **8(8662) 47-17-79, 47-32-56**.



Зэпсэльэн хуейщ

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащIэ IэнатIэм кьызэрытымкIэ, дыгъуасэ Урысейм и МИД-м щызэIущIащ Сирием и къэрал кIуэцI оппозицэм и лIыкIуэхэмрэ УФ-м къэрал щIыб Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ Богданов Михаилрэ.

- Дэ арэзы дыкьещI Урысеймрэ Китаймрэ я вето хуитыныгъэхэр ООН-м къызэрыщагъэсэбэнам. Абы и фIыгъэкIэ Сирием и Iуэхухэм хамэ къэралхэр кьыхэIэбэнукъыми, кьаугъэр зэтегъэувыIэныжьмкIэ властымрэ оппозицэмрэ зэпсэльэну Iэмал ягъуэт, - жиIащ Сирием и къэрал кIуэцI оппозицэм и унафэщI Джамиль Кадри.

Президент Асад Башар и кьулыкъум текIын хуейхуэмкIи щытепсэлъыхьхэм, абы кьыхигъэщащ а упщIэм и жэуапыр щIыхуабэм иритмэ зэрынэхь тэмэмыр. Истамбул кьыщызэрагъэпэща Лъэпкъ Советым и гугъу щиIым, Джамиль Кадри кьигъэлъэгъуащ къэрал щIыб оппозицэм хэхупсэ нэщэнэ лъэпкъ зэрыбгъэдэмыльыр икIи абыхэм зыпащIэну яужь зэримытыр.

- УзыпэщIэувым упсэсльэн папщIэ уи хьуреягъыр щэхуу икIи мамыру щытын хуейщ. Аращ Сирием щызэпэщIэт льэныкъуитIри зэтеувыIэу зэрызэпсэлъэнум щIегупсысыпхьэр. А зэIущIэр Дамаск кьыщызэдгъэпэщмэ нэхъыфIщ, ауэ, Iэмал имыIэмэ, Сирием и властымрэ и оппозицэмрэ Москва щызэIущIэмэ хъунущ, - жиIащ Джамиль Кадри.

Пэкlуэм я зэранкIэ

CBS телеканалым дыгъуасэ къызэритамкIэ, Нью-Йорк и полицэм текIуэдэн хуейуэ бюджетым щыхухаха ахъшэм щIрагъэхъащ доллар мелуан 1,9-кIэ, властымрэ финанс Iуэхущ1апIэхэмрэ я лэжьыгъэмкIэ мыарэзыуэ тхьэмахуэ епланэ хьауэ пэкIуэхэр езыгъэкIуэкI щыхухэр зэтеIыгъэным елэжь полицейскэм лейуэ зэрыгъэжьа сыхьэт бжыгъэм пэкIуэлъащIэр иратын папщIэ.

Нью-Йоркри США-м и нэгъуэщI къалэхэми ноби щокIуэкI «Убыд Уолл-стрит!» зыфIаща акцэр. Абы хэтхэм властымрэ финанс Iуэхущ1апIэхэмрэ я лэжьэкIэм «финанс терроризм» фIащащ. ЗэкIэ демонстрацэхэр мамыру йокIуэкIри, абы ягъуэхэр нэхъыбэ хьуэзэпытщ.

Полицэм улахуэу текIуадэ ахьшэм адэкIи хэхъуэнущ, пэкIуэхэр зэбгрымыкIыжмэ. Ар кьилъытэри, Нью-Йоркри Iэтащхьэ Блумберг Майкл унафэ ищIащ мазэ 18-м кьриубыдэу кьалэр зехьэным текIуэдэн хуей ахьшэр доллар мелуани 2-кIэ игъэмэщIэну.

Аргуэру зыкъаIэт

РИА НОВОСТИ хьыбарегъащIэ IэнатIэм кьызэритымкIэ, дунейпсо кредит Iуэхущ1апIэхэм ахьшэ кьратын папщIэ кьыхуагъэув Iуэхугъуэхэм арэзы техьэуэрэ, Алыджым и унафэщхэм щыхубзэм «яб зэрыщIикъуэр» ямыдэу аргуэру а къэралым забестовкахэр кьыщаIэтащ дыдэуэ.

Алыджым и правительствэм дежьапщIэмрэ пенсэмрэ егъэмащIэ, евро мелларди 8 хъу кредитым и кьыкIэлъыкIуэ траншыр зыIэригъэхьэн папщIэ. Абыки къызэтемыувыIэу, къэрал кьулыкъущIэу мин 30 я IэнатIэхэм IуигъэкIыну зегъэхьэзыр.

Ар ямыдэу, щIыдагъэм елэжь Iуэхущ1апIэхэм зыкъаIэтащи, гъэсныныгъэр яхуримыкъуу игъэхъуапIэхэм транспортыр чэзууэ щызэхэуващ. ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ Iуэхущ1апIэхэр сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 30-рэ хьуэху лажьэу аращ, адэкIэ махуэр забестовкэм хэту ирахьэкI. Къэрал псом и кьулыкъущIапIэхэм бгъэдыхьэгъуейщ, зыкъэзыIэтахэм кьаувыкъыбащи. ПхъэнкIий дзэшышэри абыхэм ягуэхащи, Алыджым и кьалэ уэрамхэм щызэтрихьащ пхъэнкIийуэ тоиЗ минищIхэр. ЗыкъэзыIэтахэм ягуохьэ школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я егъэджакIуэхэри, тутнакъэщхэм я хьумакIуэхэри.

♦1897 гъэм Урысейм япэу топджэгумкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

♦Артрит узыфэм е бзыныным и дунейпсо махуэщ

♦Испание Пащтыхьыгъуэм и льэпкъ гуфIэгъэущ - испан льэпкъым и махуэщ.

♦Экваторым щыIэ Гвинее Республикэм и льэпкъ гуфIэгъуэщ - 1968 гъэм ар кьрал щхьэхуит хьауащ.

♦Жэпуэгъуэм и 12 - 13-хэм Брюссель (Бельгие) щекIуэкIынущ Европарламентым и бжьыхьэ сессиер.

♦1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэIуахащ. Абы и япэ ректору яIэтащ **Бэрбэч ХьэтIутIэ.** Иджы КъБКъУ-м абы и цIэр зэрехъэ.

Дунейм и щытыкIэнур

«meteonovosti. ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык уэфIу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 25-рэ, жэщым градус 16 щыIэнущ.

ПIалэпэр зыгъэхьэзыр ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дэтхэнэ зы Iуэхутхьэбзэми бзыпхъэ иIэщ.

● КъБР-м и Парламентым

Республикэм и энергетикэм зрагъэужь

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и Правительствэм хэтхэр, энергетикэм и IэнатIэм и лыкIуэхэр иджыблагъэ щыIащ мы зэманым къагъэшIэрэщIэж Бахьсэн ГЭС-м нкIи абы щекIуэкI ухуэныгъэхэм епльащ. Абы нужьыкIэ мыбы щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныныгъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и зэIущ.

«РусГидро» акционер зэгуэхьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэм и унафэщI Отаров Къурмэн къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ ГЭС-р къагъэщIэрэщIэжьын папщIэ къагъэсэбэп технологиехэм. Бахьсэн ГЭС-м и гидротехникэ ухуэныгъэ псори иригъэфIэкIуэнущ. ХуэмакIуэхэр елэжьынущ псыр зрикIуэ туннелэмрэ кхъуафэхэмрэ. ГЭС-м и унэр, псы екэхыпIэр зыхуэл хуэгъэзэным. Гидроагрегатхэр мегаватти 2-кIэ нэхъ льэщ ящынурэ, мы IэнатIэм кьыщалъкIа электрокъарур мегаватт 27-м нагъэснущ. Нэгъэущу жыпIэмэ, мыбы гъэ къэс электрокъаруу киловатт-сыхьэт мелуани 140-рэ кьытынущ. А лэжьыгъэ псори иратIэкIуэкIынущ «РусГидро» компанием и ахъшэкIэ. Агрегатищым ящыщу зыр 2011 гъэм и кIуэхым яутIыпщыну я мурадщ.

Бахьсэн ГЭС-м кьыдэкIуэу «РусГидро» ОАО-м и инвестицIэ программэр тещIыхьащ Балъкъэр Ипщэ, Зэрэгъыжь ГЭС-хэр, Курп ГЭС гупыр ухуэным. Мы программэр хуэунэтIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгыльэ щIыпIэхэм щыIэ жьалгъуэхэр электрокъарукIэ нэхъ зэпIэзэрыту къызэгъэпэщынымрэ, электроэнергетикэм, абы и инфраструктурэм, электрокъару къэзыплэжь IэнатIэхэм зрагъэужьыным папщIэ инвестицIэхэр къызэщIэгъэуIэныжьмкIэ Iэмал тэмэмхэр зегъэужьынымкIэ схемэмрэ программэмрэ. Абы папщIэ къызэрагъэпэщащ федеральнэ, республикэ ведомствэхэм, энергетикэм и предприятэхэм я лыкIуэхэр зыхэт лэжьакIуэ гуп. Схемэр зэхалъхьэ щIыналъэм зэрызиужьыну социально-экономикэ программэм тещIыхьауэ, къэкIуэну зэманым республикэм кынгъэсэбэп электрокъарум хэхъуэ зэныту зэрекIуэкIынур къэлыгтауэ.

ЗэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныныгъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI Гриневич Валерий къыхигъэщхьэхуакIащ «РусГидро» - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмкlэ и къэрал комитетыр электроэнергетикэм зегъэужьынымкIэ зэрелэжьыр.

ЗэIущIэм къыщIэтэ Iуэхуэхэм апкъ иткIэ, депутатхэм КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ, 2012 - 2016 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэм зэрызиужьыну схемэмрэ программэмрэ зэрыхэпIэжьынымкIи къыхэкIыу, ар гъэзащIа хъун папщIэ зыхуеину ахъшэр гъэ къэс къызэригъэпэщыну, апхуэдэу республикэм и щIыналъэм электроэнергетикэм зыщегъэужьынымкIэ лэжьыгъэм пищэну.

БОРОВИЙСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Пшыхьхэр

Лъэпкъ библиотекэм и илъэс 90

Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьа Лъэпкъ библиотекэр илъэс 90 зэрырикъуж Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапIэм иджыблагъэ Iэтауэ щагъэлъэпIащ. ЗэIущIэм къарикъэлIат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Гертер Иван, Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ишхъэрэ - Алание, Шэшэн республикэхэм кыкIа хьэщIэхэр.

БИБЛИОТЕКЭМ и унафэщI Емуэ Анатолэ хьэщIэхэм зэIущIэм зыкъэрезыгъэжьэлIа хэдгъэрейхэми гуапэу екъуэхъури, зи Iэтащхьэ Iуэхущ1апIэм и тхьидэм, и зыужьыныгъэм, и нобэрей щыIэкIэ-псэукIэм тепсэлъыхьащ.

Абы къыхигъэщащ 1921 гъэм щыишлэм и 14-м Жабо Марие и унафэщIу Налшык къыщызэIуаха кьалэ библиотекэ нэхъыщхьэм и деж Лъэпкъ библиотекэм и тхьидэм кьыщызэрыщыщIидзэр. Абы щыгъуэ библиотекэм щылажьэр цыхуитIл кьудейт. Абы хэмI, иужькIэ абы уваxэми а Iуэхущ1апIэр я етIуанэ унэ хъуащ. Ар куэдкIэ и фIыщIэу къэпльытэ хьунущ библиотекэм и унафэщIу щытахэм ящыщ зы Ларинэ Аннэ, сыту жыпIэмэ щыхуэр зэщIэгъэуIуэныр, зэдзэууэ гъэлэжьэныр абы фIы дыдэу кьехъулIэрт.

1934 гъэм библиотекэр кьатитIу зэтет унэм Iэпхъуащ. Абы Iэмал кьаритащ щIэджыкIакIуэхэм зэрадэлажьэ щыкIэр, зэрыгъуаз-библиографие Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэр ирагъэфIэкIуэныжьмкIэ, тхыльхэр кьыщIамыхыу щеджэ пэщым и лэжьыгъэр зэтеубгэныжьмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи. Библиотекэм и гъэтIылъыгъэхэр зэхуэхьэсынымкIэ абы дэIэпыкъуэгъуэ хуэкъуэхуэат Крупская Надеждэ. Ар кьалъытэри, Iуэхущ1апIэм абы и цIэр фIащыгъащ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Къуажэдэс ныбжьыщIэхэм папщIэ

● Бахьсэн куей

ЩIыпIэ администрацэм и унафэкIэ, Бахьсэн районым и курыт еджапIэхэм сабий гъэсапIэ щхьэхуэхэр къыщызэIуахынущ.

АБЫХЭМ бюджетхэм щымыщ мыльку сом мелуани 6-м щIигъу хуэзэщIагъэуIуэну я мурадщ. УнэльащIэхэр кьращэхун папщIэ, республикэ, федеральнэ бюджетхэм кьыхэкIыу, мелуани 2-рэ нэм 600 хуэхахынущ. Мы Iуэхум зи школ кIуэгъуэ мыхъуа къуажэдэс ныбжьыщIэ 400-м нэблагъэ къызэщIрагъэуфыдэнущ.

Кьыщпэк дэт еджапIэм и сабий гъэсапIэр лэжьыгъэм хуагъэпсащ. Къубэ-Тэбэм и школ №2-р, Къулъкъужьи Ипщэ, Къулъкъужьи Ищхьэрэ хуэажэкIэм я еджапIэ №1-мрэ №4-мрэ хуэныгъэхэр и кIэм щыноблагъэ. Зеикъуэм и школ №2-мрэ ХьэтIохъущыкъуейм и еджапIэмрэ я сабий гъэсапIэхэр тхьэмахуитI хуэдизкIэ къызыхуэтыншэу хьэзыр хьунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ том 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и псалъэ.

ЗэлъщIэр йокIуэкI.

ЩIэблэр щымыгъэуэным хуэунэтIауэ

● ЗэлъщIэхэр

Ди газетым зэрытеташ (№189), иджыблагъэ зэхэтащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и 5-нэ пленарнэ зэIущI.

АБы щытепсэльыхьащ щIалэгъуалэм я псэкупсэ-щэнхабзэ гъэсэныгъэр нобэ зэрыт щытыкIэм, ар егъэфIэкIуа хъун папщIэ лэжьыныхьэ Iуэхугъуэхэм.

ЗэлъщIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Кьанокъуэ Арсен**, КъБР-м щIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Бербищий Алексей**, республикэм и Парламентым и УнафэщI **Чеченов Ануар,** хабзэгъэуэ орган нэхъыщхьэм и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, кIалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр.

- ЗэлъщIэм кьыщалэт Iуэхугъуэхэм мыхьэнэщхуэ зэрапэм кьыхэкIыу, абы и лэжьыгъэм сыхэтмэ нэхъ кьэсщтащ. ЩIалэгъуалэр гъэсэным гулъытэ щыхуащIащ иджыблагъэ Кисловодск щекIуэкIа зэлъщIэми. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэрей ди гъащIэм уэру кьыхьыхьа хьыбарегъащIэ Iэмалыщ Iэ абрагъуэхэм ди бынхэр лъэпкь гъэсэныгъэм бгъэдащ. Абы ахэр ирашалIэ экстремизмым, псэкупсэр зэхэзыфыщIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм, Пэжыр жьIэн Хуейщ - дэ нобэкIэ дапэлъэщхьым а IэмалыщIэхэм, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен, а зэлъщIэм кьыщыщыпсальэм.

Апхуэдэ щытыкIэ гугъуи и хэкIыпIэхэм ящыщ зыуэ ди республикэм и унафэщIым кьигъэльэгъуащ щIалэгъуалэр Iэнатlэкlэ кьыззегъэпэщын, еджапIэ нэхъыфIхэм щIэгъэтIысхьэн зэрыкуейр, кьыхэгъэщащ а Iуэхугъуэхэр зэгъэхьулIэным республикэм и властым кьарууэ иIэр зэрырихьэлIэр, дяпэкIи апхуэдэу зэфIагъэкIэм хагъахьуэ зэпытурэ зэрекIуэкIынур икIи кьыжиIащ а лэжьыгъэр жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм кьыдальгъыну зэрящыгугъыр.

ЩIалэгъуалэм ядэлэжьэным, абыхэм я псэкупсэ-щэнхабзэ зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ зэфIагъэкIуэ Iуэхугъуэхэр зыхуэздэн зэпкърыхауэ кьагъэльагъуэу зэлъщIэм кьыщыпсэльащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Федченко Людмилэр**КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Пащты Борисрэ**. Абы кьэзыжьаIамкIэ, щIалэгъуалэм я псэкупсэ-щэнхабзэ гъэсэныгъэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ гъэ кьэс республикэм щалэжь Iуэхугъуэ 6000-м щигъу, к урыт еджапIэу 10-м кьыщыIэрагъэпэщащ кьэрал гъунапкьэхъуэмэ-хэм кууэ зэдэлажьэ кадет кружокхэр, ауэ Интернетым щIэлэр кьыбгъэдэщыныкIэ Iэмалу щыIэр зэкIэ Iупщкьым.

Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Саенко Татьянэ** щIалэгъуалэм я псэкупсэ-щэнхабзэ гъэсэныгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ Iэнахьэхэм щытепсэльыхьым, кьиплыщащ щIэх-щIэхыуэ социальнэ къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыпхъэу, щIэблэр зыгъэпIейтей, дэдэныхьх, зыгъэдзыхь Iуэхугъуэхэр зыхуэдэр сыт щыгъуи наIуэу щытын папщIэ.

- ЩIалэгъуалэ политикэр зыуэбзыху законхэр егъэфIэкIуэн хуейщ. Абы и федеральнэ закон щхьэхуэм и проект гъэхьэзырын Къэрал Думэм щIидзат; ауэ Iуэхур и пIэм имыкIыу зэтеувыIэжащ. АтIэ, щIалэгъуалэ политикэр зыужьыху федеральнэ законыр ди къэралым Iэмал имыIэу гугъэмкIэ, ар езы щIалэгъуалэм кьыщIилъыхьуэжыну зэIущIэшхуэхэр ди деж щIэх-щIэхыуэр щегъэжьIуэкIыпхъэщ. Властым и кьару закъуэкIэ экстремизмымрэ терроризмымрэ датекIуэну икъукIэ фIэщщыгъуейщ. КьищынэмыщIауэ, кьэралым гулъытэ хэха щымыгъуэту хьунукьым лъэпкьыбзэхэр егъэджьыным. Псалъэм папщIэ, школхэм адыгэбзэмрэ балькъэрыбзэмрэ хухах сыхьэт бжыгъэм иужьрей илъэс 12-м кьриубыдэу процент 30 хуэдизкIэ хэщIащ, тхыльу а бзэхэмкIэ кьыдэкIми аращ кьащыщIар, - жиIащ Хьэтэжьыкьуэм.

ЩIалэгъуалэм я псэкупсэ-щэнхабзэ гъэсэныгъэм зегъэужьынымкIэ псом япэ гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэ Iуэхугъуэхэр кьиГъэльагъуэу зэIущIэм кьыщыпсэльащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пащыкан.**

ЗэлъщIэм и кIэуэкIы кьэпсэльащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен. Абы кьыжигъэщащ сыт хуэдэ Iэнатlэмэ кьыта хьыбарыр зыхуэдэмкIэ жэуап икьыжку зэрыщыгъыпхъэр, унагъуэм быныр зэрыщIапIын, зэрыщагъэсэн хуей мардэхэр щымыIэу зэрымыхъунур.

ГЪУЩIО, Зарифэ.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*



Федченкэ Людмилэ

Саенкэ Татьянэ

Пащты Борис

Кьарэмырэз Барэсбий

Вэрокьуэ Владимир

Дзасэжь Хьэрэталий

Кхъуэлуфэ Хьэчим

ХьуэкIуэн Мурат

Шыпш Аслъэн

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и туристрекреацэ комплексым зегъэужьыныр» 2012-2015 гъэхэм ятещIыхьа республикIэ программэ хэхам и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм фокIадэм и 14-м *№285-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыныр» 2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа республикIэ программэ хэхар къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикIэ бюджетыр зыхуэфащэ иIэсхэм ятещIыхьауэ щызэхалъхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыныр» 2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа республикIэ программэ хэхар гъэзэщIэным текIуэдэнур къиIыытэну

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм ящыщу джэдыкIэ, джэдкъазылымрэ кхъуэлымрэ кьэзылэжьхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ 2011 гъэм субсидиехэр зэрыхухах Хабзэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм фокIадэм и 22-м *№289-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм ящыщу джэдыкIэ, джэдкъазылымрэ кхъуэлымрэ кьэзылэжьхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ 2011 гъэм субсидиехэр зэрыхухах Хабзэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

● Хэхыныгъэхэр-2011

Гъуэгуанэ теувахэми Iэ яIэт хъунущ

***Зэрыщыту къэрал псом хуэдэу, ди республикэми щрагъэжьащ УФ-м и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хэхьыным зыхуэгъэхьэзырыныжкIэ лэжьыгъэхэр. Ди корреспондентыр иджыблагъэ епсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Хэхакlуэ комиссэм и секретарь Атмурзаевэ Ириз.**

- Хэхыныгъэм ехьэлIауэ иджыпсту зэфIэвгъэкIэм тхутепсэтыныхьыт.

- КъБР-м кьыщызэдгъэпэщ хэхыпIэ участкэ 356-ми зэрызэкIэптыкIуэкIэ номерхэр едгъэбыдыпIащ. Абы щыщу нэ хъыбэ дыдэр, участки 102-р, Налшык кьалэм, 33-р Прохладнэ районым, 26-р Бахъсэн районым, 25-р Дзэлыкъуэ районым щыIэнущ. Мы лъэхъэнэм хэхыпIэ участкхэхэр тэмэму лэжьэн папщIэ зыхуеинуэкIэ - связым и IэмэгъэсымэхэмкIэ, транспорткIэ, нэгъуэщIхэмкIи кьыззрагъэпэщ. Хэхыпlэ участкхэм я спискэу дэтхэнэми кьыззыщIыбыдэ щыналъэм и гъунапкьэхэр кьыщыгъэльэгъуар жэпуэгъуэм и 19-м фIэмыкIыбу газетхэм кьытрадзэнущ. Абы кьыдэкIуэу щэкIуэгъуэм и 10-м иригъэлIэу участкэ хэхыпIэ комиссэу 356-рэ кьыззрагъэпэщын хуейщ. Абыхэм псорн зэхэту щIыку мини 2,5-м щIнгъу хагъэхьэнущ.

КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Iуэху зыбжанн зэфIигъэкIын хуейщ дыгъэгъазэм и 4-м хэхакlуэхэм пэрыуэ щымыIэу Iэ яIэтын папщIэ.

- Иджыблагъэ УФ-м и Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм итхащ Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьыным хэхыпIэ политикэ парт псомкIи кьагъэльэгъуа спискэхэр. Дыщэкlэ а партхэм я дIыкIуэхэр нэхъ хэхауэ зэлъжьынур сыт?

- Законодательствэм кьызэрригъэувымкIэ, кандидатхэм я федеральнэ спискэхэр пхыкIын папщIэ хэхакlуэхэм ящыщу щIыху бжыгъэ пыуыхыкIам Iэ щIрагъэдзын хуейщ. Апхуэдэ кьалэн кьызыбгъэдэмыхуэр иджыпсту зи фракцэхэр Къэрал Думэм щыIэ партхэрэщ. Абыхэм ящыщщ «Урысей зэкъуэтыр», «Захуагъэ зэдэщIэ Урысейр», КПРФ-р, ЛДПР-р. Хэха кIуэхэм я Iуэху захуэ», «Урысейм и патриотхэр», «Яблоко» партхэм.

- Абыхэм хэхакlуэхэм Iэ зышIрагъэдза тхытыну зэхуахьэсын хуейр дапщэ?

- Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхахкIэ хэтын папщIэ дэтхэнэ политикэ партми кьыхилъхьэ федеральнэ спискэр зэрыдаIыгъымкIэ хэ хакlуэу мини 150-м икIэ кьимыхуэм Iэ щIадзын хуейщ. Абыхэм ящыщу Урысей Федерацэм и субъектым щызэхуахьэс хъунур хэхакlуэ мини 5-м щIимыгъуэ Iэ зышIадза тхылъхэрщ. Спискэр диныгьыу субъектым Iэ щыщIэзыдэ дэ тхэнэ зы хэхакlуэрэ а щIыналъэм зэпымыуэу щIэгъэт, я чэнджэщэгъэт ар. Куэдрэ плъагъунут Башир сабийхэр кьелщIэкIарэ хьыбар жьрIэжу, ахэр игъэгуфIэу, нущийуэ яхъу.

Башир сыт хуэдэ Iуэхуми тезыгъэгушхуэ дэIэпыкъуэгъу лъэщ иIащ, ар мыхьуами и гъащIэм апхуэдиз щыхьэфIэмыкIынкIи хьунт. Ар и щхьэгъусэ Женящ. ЗэмыщхьитI зэрихьэлIэжыркъым, жьхуаIэр зэщхьэгъусэхэм я деж щыпсымыгъатъуащ - губзыгъэ, лжьакIуэфIу, нэмыс яхэлъу, пщIэ зэхуащI зэрэпсауащ ахэр Женри сыт хуэдэ Iуэхуми гудзакъэ хуиIэу бгъэдэтащ. Дунейм жану кIуэцIрыплъ гиэгуащ Iущущ, щыхуэгъашхуэ зыхэлъ бзылъхугъэ зэпIэзэрытущ Жени къуажэдэсхэм зэрацIыхуэр. «Сыт и уасэ ущымыгъуэзи чэнджэщ къозытыфын апхуэдэ щIыхуб щыпкъэ уи хьэлбэ дэсынри, уи лъэпкъым кьыхэкIыпри», хужаIэ Женя зыщIыхухэм.

Баширрэ Женярэ пхъуипIрэ зы къуэрэ эдэгъэутати, псоми гъэсэныгъэ дахэ, щIэныгъэ, Iэщагъэ яIэу, унагъуэ хъужауэ мэпсэу. Къуэрылъху-пхъурылъхуэрэ пщыкIуплI мохьури, абы-хэми я нэхъыжьхэм я щапхъэ дахэр я гуаэзщ - гъжахэщ, хъарзынэу еджахэщ, зэманым кIуэу мэпсэу.

Башир хуэдэ IыпфIэрэщ къуажэ щIыхьыр зыIэтыр, абыхэм я щапхъэрщ щIэблэр зыщIэпIыкIын хуейр. Псом хуэмыдэу ди зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ апхуэдэ щIыху щыпкъэхэм я гъащIэ гъуэгуанэм иджыри зэ ириплъжьынымк, щIэблэр щыпкъагъэм, пэжыгъэм, гуащIафIагъэм хуэдгъэсэнымкIэ ар Iэмал хъарзынэщ.

Мамий Башир мыпсэужми, и Iэужьыбфlхэр, и псалъэ Iущхэр щIыхуэм я гум ихурыкIм - апхуэдэм дежу кьыщIэкIынщ гъащIэр купщIэнщэ хъуакъым щыжаIэр.

БЭРЭГЪУН Жанно.

Мамийхэ Баширрэ Женярэ.

Мамий Башир и гъащIэр купщIэнщэ хъуакъым

● Дэ къытхуатх

Сыт хуэдэ къуажэри щIэрыIуэ зыщIыр и пщIэр зыIэтыр, абы дэс щыхуэхращ. Ди Кэнжи и мащIэкIым уэзрыгушхуэн, уэзрыщIэн щыхуэщIэрыIуэхэр, зи Iуэхущафэкlэ, зи дуней тетыкIэкIэ щапхъэр къэгъэгрыкIуахэр.

Нобэ сытепсэльыхьыну сыхуейщи къуажэм зиужьыным зи гугъу зи хэль, илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ емызэщыжу Iуэху дахэ куэд зылъжьа Мамий Башир.

КЪУАЖЭМ дэс нэхъ лъэпкъыфIхэм ящыщщ Башир кьыгьыжкIар. Езыхэр унагъуэщхуэт - зэкъуэшитхуэр зэщыпхъуитIрэ хьухэти - адыгэ хабзэм тету, хабзэ, нэмыс яхэлъу къагьэтэджащ я адэ-анэм. А зэдэлъхъэщыпхъухэм кьуажэм щыIэ щызимыIэ зыри яхэткIым. Башир и фIыщIи хэлъу собж абы. Псынэр зэрыкъэм псыкIэр ирохэ, жаIакъэ – Башир нэхъыщIэхэм сыт щыгъуи щапхъэфI яхуэхъуащ. Я анэр щIыхуб губзыгъэти, бынхэм я кум лъагъуныгъэ дэлъу, зыр зым дэIэпыкъуу игъэсащ.

Башир илъэс пщыкIуплI фIэкIа мыхьуу зауэм щIидзати, и кьару кьыззрихькIэ, уеблэмэ ныбжьыщIэм и фэм дэмыхуэным хуэдиз гугъуехьэр кьытещIэу лэжьащ а лъхъэнэм - колхоз Iуэхухэм нэмыщI, окопэ кхъэвытIахэми яхэтащ. А лъэхъэнэм партизанхэм ядэIэпыкъу гуп кьызэригъэпэщауэ ди къуажэм урыс егъэджакIуэ гуэр дэст. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди жьлэмэ кьыщыщым, псынщIэу хьыбар яригъащIэри, Башир а егъэджакIуэр партизанхэм я деж щэхуу ишэри, абыхэм мэзым щагъэпщIауэ щытащ. Ауэ ешар зэи абы пхутепсэльыхьыртэкьым, «ямылей сщIакьым» жиIэурэ. ЩIалэ цIыкIуэ а зэман псэзэпылъхьэнIэм кьыкьуэкIа хахуагъэр зи щхьэм фIэзылъхьахэри щыIащ, ауэ Iуэхум фIыуэ щыгъуаззэхэм кьызэрагъуэтэжамкIэ, Баширт ар зыхуэзфIэкIар. Апхуэдэу щытми, езым зыщыгъкъуэ и хьэлтIэкъым, абы тепсэльыхьыжьыну кьригъэкIуртэкъым. Зауэ зэманым и кьару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ къэралым медаль кьыхуигъэфащэу щытащ Мамийм.

Зауэ нэужьым мылэжьа щыIэкъым жаIэ, ауэ лэжьэкIэ куэд щыIащи, Башир сыт щыгъуи пашэхэм яхэтащ. Механизатор Iэщ Iагъэм щыхуагъасэу Бахьсэн дэта еджапIэр зауэ нэужьым кьинухри, щапхъэу ягъэльагъуэу, орден, медалхэр кьыхуагъэфащэу лэжьащ ар. Илъэс куэдкIэ къуажэ советым и депутату хахащ.

Пенсэ кIуа нэужьи Башир зы махуи IуэхущIэу щысакъым, къуажэ мастерскойм и унафэщIу хуэзфIэкIыху лэжьащ, щIалэгъуалэ куэдигъэщ, Iэщ Iагъэ яритащ, ветеранхэм, нэхъыжьхэм, пенсионерхэм я зэгухьэныгъэхэми хэтащ, цIыхухэм сэбэп яхуэхьурэ фIыщIэ кьыхуащIу.

Хьэблэм, лъэпкъым Iуэху гуэр кьихуамэ, етIысхьыгъкъым ар зэфIэмыкIауэ. И псэ кьабзагъымрэ и хьэлэтагъымрэ абы цIыхухэр кьезыщащIэр - нэхъыжьми нэхъыщIэми я жэрдэмтым е абы и пIэм нувэ документым и серием номерымрэ къеГъэльагъуэ. Тхылъым хэхакIуэм езым Iэ щIидзын икIи Iэ щыщIидза махуэр иритхэн хуейщ. Адрей тхыгъэ псори хэхакIуэм и пIэкIэ иритхэ хъунущ абы Iэ щIезыгъэдза цIыхум. Зыхуэфащэ псори кьыззрагъэтъэгъуэр Iэрыгъхэущ икIи абы папщIэ къэрандащ кьагъэсэбэн хъунукъым. ХэхакIуэм кьыхуигъэувмэ, тхылъхэр зэхуэзыхьэс цIыхум абы фIэкIыпIэ имыIэу иригъэпагъуну и кьалэнщ кандидатхэм я федеральнэ спискэу УФ-м и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм Iэ зыщIидзам траха копиер.

- Мы Iуэхуми тхутепсэльыхьыт. Хэхыщыгъэм хэтыну зи мурадхэм ящыщу а махуэм зи унэ исыну зыхуэзфIэмыкIынухэм, псалъэм папщIэ, дэжьыгъэ Iуэхукlэ нэгъуэщI щыпIэхэм щыIэну кьызыпщыгъхэм, Iэ яIэтын яхуэзфIэкIыну?

- Абыхэм Iэ яIэт хъунущ, ауэ абы папщIэ жэпуэгъуэм и 19-м щегъэжьауэ щэкIуэгъуэм и 17-м нэсыху щIинаIъэ хэхакIуэ комиссэхэм, щэкIуэгъуэм и 14-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 3-м нэсыху участкэ хэхакIуэ комиссэхэм нэгъуэщI щыпIэхэм Iэ щалэтыну хуит зэращIыкIэ удостоверенэхэр кьыдахьи хуейщ. КьыхэзгъэщхьэхуэкIыну сыхуейщ апхуэдэ удостоверенэхэр зэрытрадзэм, ахэр хэхакIуэ пыухыкIахэм зэрыратым, кьыззрагъэсэбэпым зэрыкIэтыпIыпIтыр нужь зэманым зэрагъэткIияр. Апхуэдэу щыт пэтми, нэгъуэщI щыпIэхэм Iэ щалэтын папщIэ удостоверенэхэр зэрат икIи ахэр кьызэрагъэсэбэп хабзэхэр зэхъуэкIыныгъэшхуэ хамыльхьэу кьагъэпэжащ. Удостоверенэр кьеIызыхьар нэгъуэщI щыпIэ щIэкIуэ щхьэусыгъуэр кьыщыгъэльэгъуа лъэIу тхылъ итын хуейуэ араш. Апхуэдэ хэхакIуэр езыр щыпсэу щыпIэм хиубыдэ хэхакIуэхэм я спискэм иракъутыкIыж икIи ятха хэхакIуэхэм я бжыгъэр кьыщалъытэжкIэ хагъахьэркъым.

Зи гугъу тщIы удостоверенэр кьеIызыхьа щыхуэм хэхыныгъэр щекIуэкI махуэм езыр здэщыIэ щыпIэм Iэ щиIэтыну хуитщ. Ауэ абы Iэ зэрриIэтыну бюллетеныр кьыщыIихкIэ езыр зэпымыуэу щыпсэу щыпIэр иригъэтхын хуейщ.

ЩIыхуэхэм щхьэщатыкIэхэм кIэрагъэху

УФ-м и Хъумапlэ банкыр илъэси 170-рэ зэрыри-къур щагъэльапlэ зэманым ирихьэлIэу мы Iуэхущапlэм кIэригъэхуащ автомашинэщIэхэр кьэзыщхьэхуэм ират кредитхэм проценткIэ щхьэщатыкIыну ахъшэр. ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущапlэм и унафэщым и къуэдзэ Бейтыгъуэн Залинэ зэрыжиIамкIэ, щапшыныжыну пlалъэм тешIыхьауэ, ахэр проценти 2-м щегъэжьауэ процентэ 5,8-м нэсу ягъэмэщащ. Мы унафэм кьару иIэщ дыз эрыт илъэсыр ищхыху.

ХЪУМАПIЭ банкым Iуэхутхьэбзэ зыхуищIэ цIыхуэм кредитхэр ират автомашинэ тIорысэхэр е щIэхэр кьащэхун папщIэ. Абы теухуэ хабзэр банкым и сайтым ильщ. ХъумапIэ банкым автомашинэ къэзыщэхунуэ кредит кьыIахьин папщIэ яIэн хуейр езыхэм я паспортхэмрэ ябгъэдэлъ ахъшэр зыхуэдизым, ирахьэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм щыхьэт техьуэ тхылъэрщ. Лэжьапщ Iэр мы банкым къыщIелъзыхьхэм лъэIу тхылъымрэ паспортымрэ яIыгъым зэфIэкIынущ. Кредит кьеIызыхьнухэм кьата лъэIуэхэм лэжьэгъуэ махуитIым кьриубыдэу хопльэ.

ЩIыхуэ кьэзыщтэхэм я Iуэхуэр щагъэпсынщIэн папщIэ республикэм и автосалон нэхъ инхэм банкым и Iэщ Iагъэлъхэр ирагъэбыдыIащ икIи абыхэм занщIэу абдеж зыхуей документ псори ягъэхьэзырыфынущ.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Адыгэ хабзэ

Ещхьщ къэзыгъэщIа лъэпкъым

Адыгэ хабзэм ныбжьыщхуэ зэриIэр «Нарт» эпосым кьыхощ. Абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр - нарт хьыбархэр - щы-хьэт зэрытехьэуэш, пасэ дыдэу кьежьащ, пасэрей адыгэхэм - синдхэм, метохэм, керкетхэм, зихэм я дежи щызэфIэувэри лIэщIыгъуэ кIыхь Iэджэм кьыщхьэдэхащ, ефIакIуэ, зауэзыщIу, щIэблэхэм щапхьэрэ бзыпхъэрэ яхуэхьуу. Дэтхэнэ лъэпкъри ирогушхуэ и хабзэм, пщIэ лей хуещI, ирогуаз, иропсэу, щIэблэхэм кьахуэзеренэкI, зрагъэуэщIыкIэ, яхьумэнкIэ, ягъэбгъуэнкIэ гугъуэу. Хабзэхэм я нэхъыбэм гъуэгуанэщхуэ кьызэпачащ, щIэблэ Iэджэм я акъылым кьилэжьащ аХэр, лIэщIыгъуэ кIыхьхэм ящсыхащ. Ди лъэпкыр «адыгэ хабзэкIэ» йоджэ абыхэм, ахэр щыщIэрыIуащ ди гъунэгъухэм я дежи. Щыхьу гъэсэ яльаГъуэмэ, адыгэхэм я гъунэгъу лъэпкъхэм жаIэрт: «Адыгэ хуэдэщ». АркъудеймкIи гурыIуэгъэщ адыгэхэм хабзэщхуэ зэрагъэлъар, абы и фIыщIэ жьжьэ IуаУэ зэрыщытар.

ХАБЗЭР къэзыгъэщIыр зэманымрэ гъащIэмрэщ, гъащIэмрэ зэманымрэ заХуэжьыку, хабзэм зэм зэхьуэжьIынымгъэ ягъуэт, зым и кьуэпсыр мэгъуэж, зыр нэхъ Iэпэдэгъэлэл ящI, апхуэдэм и пIэ кьоувэ щIыхум нэхъ яфIэкьабыл нэгъуэщI хабзэ - аращ Къэзанокъуэ Жбагъы «Къебгъажьэр хабзэщ» щIыжиIар. ИтIани лъэпкъ хабзэхэм я нэхъыбапIэр кьызэтонэ, уахьтынщэ мэхьу. Уахьтынщэ хьуауэ Iэджэ щIауэ кьоГъуэгурыкIуэ, псалъэм папщIэ, адыгэхэм хьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэр.

Хабзэщхуэ кIэлъызэрахьащ адыгэхэм нэхъыжьым - абы пщIэ хуэзымыщIыр щIыхум хабжэртэкьым, гупми зыхагъэхьэжьр тэкьым. Унагъуэми жылагъуэми пщIэрэ нэмысрэ щиIащ щIыхубзми: лъыкIэ зэбий хьуар абы и псалъэм фIэлыкIырти, зэкIужьыр. Шур, гъуэгум щIыхуб щIрихьэлIамэ, епсыхьрт, абы и ужь иувэрти, и унэ нигъэсыжьыр, щIыхубзыр ихьумэн и кьалэнти; щIыхубз кьрихьэлIамэ, Iэщщэр ягъэтIылъыжьырт.

Дяпэ итахэр лъэпкъ хабзэхэм ткIийуэ зэрытетар къаIуэтэжащ абыхэм щыгъуэзэ хуэтхьэщ абыхэм куэдым. Адыгэ хэкум кьихьэ дэтхэнэми телыыджэ щыхьурт, псалъэм папщIэ, хьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэр. «Дунейм теткьым абыхэм нэхърэ нэхъ хьэлэлрэ хьэщIэкIэ нэхъ гуаэнрэ», - итхыгъащ Италием кьикIа гъэзугъыкIуэ гуэрым адыгэхэм щхьэкIэ. 1830 гъэм адыгэхэм къахьыха урыс офицеым итхыжащ: «Адыгэ хэкум ихьэн мурад зиIэр хэгъэрей гуэрым деж екIуэлIэн хуейщ япэ щыкIэ. Абы и унэм исыху, ар щIэшынэн щыIэкъым. Натхъуэдкьым деж щыхьэщIа нэужь, Щалсыгым кIуэнымэ, щапсыгъ бысымым ар хуеймэ, Абазэхэм иришэнущ. Дэнэ кьышьхутэми, бысым иIэмэ, и щхьэ щIытешыныхьым щыIэкъым, хэку псор апхуэдэхэуэрэ зэльыщысысфынущ».

Хабзэр зыдэгъэгурыкIуэр къэзыгъэщI лъэпкъращ, лъэпкъым кьигъэщIынукъым икIи зэрихьэнукъым езым фIэмыщдаэ, фIэмызахуэ хабзэ. Зы лъэпкъым фIэзахуэр, фIэдахэр, адрей лъэпкъым егъэлеяуэ кьущыхьункIэ, фIэемыкIункIэ е кьагурымыIуэ энкIэ мэхьу. НэгъэущIх зэ кьагурымыIуэнкIэ мэхьу, псалъэм папщIэ, адыгэхэм нэхъыжьым и гъэзугр щыIэпамыупщIыр; щхьэгъусэм и цIэкIэ щIемыджэр; цIыхум и пащхьэ нуэву щIыщымытхъур - и нэ щIэпIу цIыхум и щыт - хъуцIэ жыпIэнри и нэщIыбагькIэ бубынри зэхуэдэ иклагъэу щIилытэр; уахьхьамэ, гупыр щIэтэджкIыр; нэхъыжьым упэпсэльэжьныр (и псалъэ зэпыбудыныр) кьиэзэрырамыгъэззэгьыр; нэхъыжь щыту нэхъыщIэ щIэмытIысыр... Щыхум и пщIэр зыгъэIыгъэ апхуэдэ хабзэ дахэ кьэзыгъэщIа лъэпкъым игурэ и щхьэрэ зэтелъу, ирипушхуэу жиIэу щыт ащ: «Сэ сыадыгэщ!»

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и литературэ обозреватель.

Тхьэм и нэфI

ЗЫ ЖЫЛЭ лIыжь щIыкIу дэсти, тхьэмыщкIэ дыдэт, унэ нэщIым щIэс фIэкI, бгъэдэлъ щыIэтэкъым.

- Iэхъуэу тхуэжьэ, - кьыжраIащ лIыжь щIыкIум, - Iэхъуэу утхуежьэмэ, удгъэмэжэлIэнкъым.

Iэхъуэу екъэри, пщыхьэщхьэм кьыщыдыхьэжкIэ зыгуэр кьрат хуъащ лIыжь щIыкIум - шхын щымыщIэжакъым. Шхын щымыщIэмэ, лIыжь щIыкIур нэхъыбэ хуейт? ЕкIуэкIыуэр, пщыхьэщхьэ гуэрым кьыдыхьэжауэ, и Iэнэм махъсымэ кхъэщIын тету, зы мэжаджи телыдж щыхьурт, псалъэм папщIэ, хьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэр. «Дунейм теткьым абыхэм нэхърэ нэхъ хьэлэлрэ хьэщIэкIэ нэхъ гуаэнрэ», - итхыгъащ Италием кьикIа гъэзугъыкIуэ гуэрым адыгэхэм щхьэкIэ. 1830 гъэм адыгэхэм къахьыха урыс офицеым итхыжащ: «Адыгэ хэкум ихьэн мурад зиIэр япэ щыкIэ. Абы и унэм исыху, ар щIэшынэн щыIэкъым. Натхъуэдкьым деж щыхьэщIа нэужь, Щалсыгым кIуэнымэ, бысымым хьэщIэр абы ешэри и благъэ е и щыхугъэ гуэрым анэмэт хуещI, щапсыгъ бысымым ар хуеймэ, Абазэхэм иришэнущ. Дэнэ кьышьхутэми, бысым иIэмэ, и щхьэ щIытешыныхьым щыIэкъым, хэку псор апхуэдэхэуэрэ зэльыщысыфынущ».

Хабзэр зыдэгъэгурыкIуэр къэзыгъэщI лъэпкъращ, лъэпкъым кьигъэщIынукъым икIи зэрихьэнукъым езым фIэмыщдаэ, фIэмызахуэ хабзэ. Зы лъэпкъым фIэзахуэр, фIэдахэр, адрей лъэпкъым егъэлеяуэ кьущыхьункIэ, фIэемыкIункIэ е кьагурымыIуэ энкIэ мэхьу. НэгъэущIх зэ кьагурымыIуэнкIэ мэхьу, псалъэм папщIэ, адыгэхэм нэхъыжьым и гъэзугр щыIэпамыупщIыр; щхьэгъусэм и цIэкIэ щIемыджэр; цIыхум и пащхьэ нуэву щIыщымытхъур - и нэ щIэпIу цIыхум и щыт - хъуцIэ жыпIэнри и нэщIыбагькIэ бубынри зэхуэдэ иклагъэу щIилытэр; уахьхьамэ, гупыр щIэтэджкIыр; нэхъыжьым упэпсэльэжьныр (и псалъэ зэпыбудыныр) кьиэзэрырамыгъэззэгьыр; нэхъыжь щыту нэхъыщIэ щIэмытIысыр... Щыхум и пщIэр зыгъэIыгъэ апхуэдэ хабзэ дахэ кьэзыгъэщIа лъэпкъым игурэ и щхьэрэ зэтелъу, иripушхуэу жиIэу щыт ащ: «Сэ сыадыгэщ!»

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и литературэ обозреватель.

Зи мыIуэху зезыхуэм и щхьэм бэлагъ къохуэ

- НАРТМэджаджэ и хьэщIэщ уихьэ хъунукъым: хьэщIагъэ къуехри укъыщригъэжьэжкIэ, и пшэрыхь бэлагъкIэ къуегъауэ, - жари, Мэджаджэ щыщтэ хуъащ нартхэр.

- Хьэщ1агъэ сызэрихьэн шыгэ фащэрэ сиIатэмэ, сэ сыкIуэнт Мэджаджэ деж: и пшэрыхь бэлагъкIэ къызигъауэрэ къызимыгъауэрэ зззгъэщIэнт, - жери, зы щауэ къзуващ.

Шыгэ фащэрэ къратащ щауэм.

